CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #४३

२९।३।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## स्थानीय तहसभके क्वारेन्टाईन स्थापना तथा व्यवस्थापन आ मर्मत सुधारके लेल आरो रकम निकासा

| प्रदेश | स्थानीय तह | निकासा रकम |
|---|---|---|
| प्रदेश नं. १ | १० | रु. २४,३१,६२५ |
| प्रदेश नं. २ | ८ | रु. ३७४८५०० |
| बागमती प्रदेश | १ | रु. २,४१,३२५ |
| गण्डकी प्रदेश | ९ | रु. १८,६०,१७५ |
| प्रदेश नं. ५ | २० | रु. ३,८४,७२,३५० |
| कर्णाली प्रदेश | ११ | रु. १,४१,७९,३७५ |
| सूदूरपश्चिम प्रदेश | १० | रु. २,७५,३५,५५० |

**जम्मा**
प्रदेश ७
स्थानीय तह ६९
निकासा रकम
रु. ८,८४,९८,९००

ई रकम Covid Management Information System (CMIS) क तथ्यांकके आधार माईनक तय कएलगेलाके कारण वितरण प्रणाली किछ वैज्ञानिक देखाईत अछि । हरेक स्थानीय तहके कते कते रकम निकासा कएलगेल, तेकर पूर्ण विवरण निचाके लिंकमे देखल जासकैय ।

स्रोत: https://www.opmcm.gov.np/wp-content/uploads/2020/07/Corona-Fund-8th-meeting-2077-3-23.pdf

## नेपाल अपडेट



जलेश्वर अस्पतालके आईसोलेशनसँ निक भऽक घर जायके क्रममे ७ कोई युवक

तस्बिर: राकेश प्रसाद चौधरी

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २,८९,३७१
पोजेटिभ: १६,९४५
उपचाररत: ६,६१३
मृत्यु : ३८




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



अखन पैसा तिरक सेहो कोरोनाके परिक्षण कराब पवैछै कहादन । तेहन सुविधा कत कत उपलब्ध छै ?

स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके निर्देशिका सँ बाहेकके नमुना परीक्षणके लेल सरकार ५ हजार ५ सय शुल्क लऽक परीक्षण करके अनुमती देने छै । प्रदेश नं. १ मे कोशी अस्पताल-बिराटनगर, प्रदेश नं. २ मे नारायणी अस्पताल-पर्सा, बागमती प्रदेशमे वीर अस्पताल, त्रि.वि. शिक्षण अस्पताल आ पाटन अस्पताल, गण्डकी प्रदेशमे पोखरा स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान-कास्की, कर्णाली प्रदेशमे प्रादेशिक जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला-सुर्खेत आ सुदूरपश्चिम प्रदेशमे प्रादेशिक प्रयोगशाला-धनगढीके एहन अनुमति देने छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/drive/folders/1pzWFyFOnerOX-7DCM7cbRm7wQRTI0K-d



कोरोनाके कारण सब सार्वजनिक यातायातके भाडा एकेबेर ५०% सँ बृद्धि भेल छै ।

सार्वजनिक यातायातमे चालक सहित सिट क्षमताके बेसीमे ५०% यात्रु रहत आ सरकारद्वारा निर्धारित मापदण्डके पालना होई तैके लेल निर्धारित भाडादरके ५०% थप भाडा लेब पाओत । लेकिन, ट्याक्सीके हकमे ई नियम लागु नै हेतै । अखनला ई व्यवस्था साउन ६ गते मंगलदिन तकला मात्रे लागु हेतै ।

स्रोत: https://mocit.gov.np/categorydetail/cabinet-2077-03-25



वैदेशिक रोजगारीमे गेल आदमीके धियापुताके सरकार छात्रवृति देतै कहैत छल । घरवलाके वैदेशिक रोजगारीमे गेला ४ वर्ष भगेल, कहाँ, हमरसभके धियापुता त नै भेटल त ?

श्रम स्वीकृति लऽक वैदेशिक रोजगारीके सिलसिलामे मृत्यु तथा अंगभंग भऽल वैदेशिक रोजगार बोर्डसँ शतप्रतिशत आर्थिक सहयोग प्राप्त कएनिहार श्रमिकके परिवारके धियापुताके शैक्षिक छात्रवृति देब कहने छै । वैदेशिक रोजगारीमे होईते मे हुनकासभके धियापुता ई छात्रवृति नै पाओत ।

स्रोत: http://www.fepb.gov.np/detail/84/suchana



कोरोना महामारीके समयमे जनानी उपर होबवला यौनजन्य दुर्व्यवहारके घटना गोपनियता भंग होबके डर सँ दर्ता होबम् कमि भेल कहादन ।

एहि बातके मध्येनजर करैत, कोभिड-१९ के संकटके समयमे क्वारेन्टाईन तथा बाहर रहल जनानी तथा धियापुता उपर होब सकवला यौनजन्य दुर्व्यवहार आ शोषण होबसँ संरक्षण करब आ हिंसा भगेलाके अवस्थामे हुनकासभके सुरक्षित आ गोपनीय ढंगसँ शिकायत सुनुवाई कर संघिय मामिला तथा सामान्य प्रशासन मन्त्रालय मार्फत ७५३ टा स्थानीय तहके पत्राचार कैने अछि । जेकि Inter–Agency Standing Committee (IASC) द्वारा बनाओत गेल Interim Note अनुसार हेतै । विस्तृतमे बुझ्के लेल निचा देलगेल लिंक देखल जाउ ।

स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/uploads/notices/Notices-20200712142348915.pdf

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे **+2760806146** एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे **Nepal** लिख्क म्यासेज पठाउ






**COVID-19**

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ **३२१००** मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| २,३२,२५९ संक्रमित | ५५,५०८ संक्रमित | ३२,९४१ संक्रमित | १,०३,५९८ संक्रमित | ३२,९४१ संक्रमित | ५८,१७९ | ८,७२५ संक्रमित | १,३४९ संक्रमित |
| १,७५० नेपाली संक्रमित | १००० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २०,६०० नेपाली संक्रमित | २००० नेपाली संक्रमित | ४५ नेपाली संक्रमित | ८१ नेपाली संक्रमित | |
| ९ मृत्यु भएका नेपाली | ४ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएका नेपाली | २५ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## यूएईमे ऋयखष्म(ज्ञढ सम्बन्धी जरिवाना माफ होब सकैय

आहाँ यूएईमे छी? Covid-19 सम्बन्धी जरिवाना तिर परत, लेकिन ओ आहाँके गल्ती नै करलाके बादो सिस्टमके कारणसँ जरिवाना तिर पईररहल अछि ? या जानैत जानैत लापरवाही नै करने छलौ आ तैयो जरिवाना तिर परल अछि त जरिवाना माफ करादिय कहिक अपिल क सकैत छी । तैके लेल निचादेल गेल कागजातसभ पेश कर परत:

- ईमिरेट्स आईडि के कपी
- जरिवाना लागल पेपर
- आरो सहयोगी (आहाँके बातके पुष्टिकरवला) कागजातसभ

### केना अप्लाई करब ?

- पहिले https://bit=ly/3b3nSvR मे जाएब ।
- कहिया, कत आ कि सम्बन्धि जरिवाना भेल छै से कहिक विस्तृत रुपमे फारम भरब ।
- सहयोगी कागजातसभ अपलोड करब ।

### कते दिन लागत ?

- सामान्यतह: १० दिन लाग सकैय ।

### कि हेतै ? कि हमर जरिवाना माफ हेतै ?

- अपिल स्विकार भेल त, आहाँके जरिवाना माफ हेतै ।
- अपिल अस्विकार भेल त, आहाँके जरिवाना माफीमे कोनो हेरफेर नै हेतै ।
- नै त अपिल केने निवेदनके अवस्था देखक जरिवाना रकममे किछ हदतक कमि कएल जासकैय ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्ब १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड निकासा**

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## सुदूरपश्चिम प्रदेशके स्थानीय तहमे निकासा कएलगेल रकम



रु. १,६२,००,०००
५४ गाउँपालिका



रु. १,३२,००,०००
33 नगरपालिका




रु. ५,००,०००
१ उप-महानगरपालिका



**रु. २,९९,००,०००**

स्थानीय तहमे निकासा कएलगेल रकम

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## सुदूरपश्चिम प्रदेशमे २०७७ साल आषाढ महिना तक कोरोना प्रतिकार्यमे कएलगेल खर्च




नेपालमे कोरोनासँ संक्रमितके संख्या बहुते भेल जगहसभमे सँ सुदूरपश्चिम प्रदेश एक छै । तै सँ एत उपकरण किनमे बहुते खर्च भेलै कहिक बुझ्ल सकैय । लेकिन, राहत वितरणमे मुदा बहुते खर्च भेल देखाईत छै । यद्यपी राहत पाबवला घरदुवाईर कते छै से सार्वजनिक नै केने छै । यदि नेपाल सरकारद्वारा तय कएलगेल राहत वितरणके मापदण्ड अनुसार हरेक घरदुवाईरके रु.१२५० के दरसँ राहत वितरण करबै त, जम्मा १ लाख २२ हजार घरदुवाईरके  राहत भेटल हेतै से अनुमान लागएल जासकैय । एकर मतलब सुदूरपश्चिम प्रदेशमे रहल जम्मा घरदुवाईर मे सँ २६% घरदुवाईर सरकारसँ राहत पावीचुकल अछि । जेकि बहुते छै । देशभैर आईसोलेशनमे रहल जम्मा १६०० कोईके तथ्यांकके आधार मानबै त, राहत पाववलाके ई संख्या बहुते छै । तहिना कल्क, क्वारेन्टाईनके व्यवस्थापन बढिया नै भेल कहि क व्यापक जनशिकायत देखला सँ आ क्वारेन्टाईनमे अधिक दबावके कारण संक्रमण होबके उच्च जोखिमके देखबै त, प्रदेश सरकारद्वारा क्वारेन्टाईन व्यवस्थापनमे बेसी खर्च केलासँ उपयुक्त होईतै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भल्क सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कल्क राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कल्क परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# सिम्ता गाउँपालीका उदाहरण बनैत । केना एकटा पालिका कोरोना महामारीके संकट सँ मुक्त होब सकैय ?

## चुनौति

१. नयाँ संक्रमण सँ शुरुमे कि करब केना करब से भेलै ।

२. २७५० कोई एकेबेर भारत तथा तेसर मुलुकसँ (८० प्रतिशत सँ बसी भारत सँ) पालिकामे एलासँ व्यवस्थापकिय कठिनाई भेलै ।



३. पालिकाके २२ प्रतिशत सँ बेसी कूल आम्दानीके आयश्रोत वैदेशिक रोजगारीसँ अबैत छल, से गुमल ।

४. बाहरसँ आबवला आ स्थानीय बिच भौतिक दुरी पालना नै भेल लेकिन सामाजिक दुरी कायम भेल ।

५. जनप्रतिनिधि अपने सेहो बच परल आ दोसरके सेहो बचावके नैतिक आ मानविय बाध्यता एकेवेर आयल ।

## योजनावर्द्ध प्रतिकार्य



१. पालिकाद्वारा कोरोना महामारीके विश्व युद्ध सँ सेहो बड्का युद्धके रुपमे लेलक ।

२. पालिकाद्वारा लकडाउन शुरु भेलाके साथे फोर आर (Record, Regulate, Recognize and Report) के सिद्धान्तमे काम करके योजना बनेलक ।

३. ४७० कोई स्वयम्सेवक सहितके युनिक एक्सन टिम गठन भेल ।

४. विकेन्द्रिकृत रुपमे आम नागरिकके सहभागिताके मध्यनजर करैत बस्ती स्तरमे ७२ टा समुह गठन कलक परिचालन कएलगेल ।

५. प्रत्येक २४ घण्टामे वडासँ पालिका, पालिका सँ जिला आ जिला सँ प्रदेशमे रिर्पोट करके संयन्त्र निर्माण भेल ।

६. ७७८ जेठ नागरिक, ५५४ दीर्घ रोगी आ ७५७ कोई अपांगता भेल आदमीके तथ्यांक संकलन कलक राहत कार्यक्रम कायान्वित भेल ।

वर्तमान अवस्थामे क्वारेन्टाईनमे रहल ७५० कोई संगे पिसिआर पोजेटिभ देखाएल ५ कोई सब निक भलक घर जाचुकल अछि । एना देखला सँ सिम्ता गाउँपालिकाके कोरोना मुक्त पालिका कहला सँ फरक नै परत ।

## आब कि करब ?

१. आबके नीति आ बजेट कोरोना विशेष बनाएब ।

२. विदेशसँ आबवला २२ प्रतिशत आयके पालिकामे आर्थिक कृयाकलाप विस्तार कल परिपूर्ती करब ।



३. आर्थिक, सामाजिक आ पूर्वाधार विकास संगसंगे जोईडक लजाएब ।

४. स्वास्थ्यसंग अन्तरसम्बन्धित विषयवस्तुके प्राथमिकतामे राखब ।

५. सामाजिक सद्भावके जोड् देब ।

प्रस्तुत सामग्री सिम्ता गाउँपालिका, सुर्खेतके अध्यक्ष कबिन्द्र कुमार केसीसंगेके संवादपर आधारित अछि ।



## मञ्जु मलासि

प्रमुख

दिपायल सिलगढी नगरपालिका, डोटी

"कोरोना महामारीसंगे हम जनप्रतिनिधिके एकेबेर रोगसंगे, समाजसंगे आ विदेशसँ आयल आदमीसंगे लड़ परल । रोग अपरिचित छलै, समाज सम्भावित संक्रमितके व्यवस्थापन कर नै दैत त, विदेशसँ आयलसभ क्वारेन्टाईनमे रह नै मानैत । घरघरमे जालक, आदमी आदमीके भेटक काउन्सलिङ कलक अवस्था सामान्य बनेलौ । आब आर्थिक विकासके लडाई लड़के समय आयल, एकर तैयारी करहल छी ।"

## पदम बडुवाल



प्रमुख

बडीमालिका नगरपालिका, बाजुरा

" कोरोनाके संत्रासक बाद बाजुरामे भारतसँ आबवलाके संख्या एकेबेर बढ़िगेल । संक्रमण फैलके जोखिम सेहो ओतबे छलै । लेकिन, हम अपने खटवला आदमी भेलाके कारण व्यवस्थाप(नमे ओते कठिनाई नै भेल । पालिकामे सञ्चालित ९ टा क्वारेन्टाईनमे ४९१ कोई आदमी रहल । ५९ कोई मे संक्रमण देखायल । एकटा बचियाके मृत्यु भेल, लेकिन अन्तिम संस्कार कर जायला कोई नै मानल । जिल्ला प्रहरी प्रमुखसंगे हम अपने जालक अन्तिम संस्कार करलौ । अखन क्वारेन्टाईन आ आईसोलेशन शुन्य भगेल छै । हम जखनो भी नागरिक रहत तब मात्रे हम नेता रहब तै बातमे विश्वास करै छी ।"



## गुमादेवी आचार्य

उप-प्रमुख

बुटवल उप-महानगरपालिका, रुपन्देही

"कोरोनाके जोखिम बढ़लै कहिक सुनला सँ मनमे डर लागल । आत्मबल बढ़ाबवला युट्युब च्यानल देखलौ । जिम्मेवारीमे भेलाके कारण डराक घरमे रहके छुट नै छल । लकडाउनके कारण हातमुह जोर नै सकके अवस्थामे पुगल मजदुरके तथ्याङक संकलन करनाई आ राहत वितरण करके कार्यक्रममे जुटलौ । अखन क्वारेन्टाईनमे रहवलाके संख्या अखन घटिरहल छै । तै कारण, क्वारेन्टाईनके संख्या नै बढाएब, भेलहाके आरो व्यवस्थित करब आ होम क्वारेन्ट(ईनके प्राथमिकतामे राखके योजना छै ।"

सही सूचना

# अखनो तक नेपालमे युवकसभ कोभिड - १९ सँ बेसी संक्रमित अछि

## नेपालमे उमेर समुह अनुसार कोभिड-१९ सँ संक्रमितके संख्या




उपरका ग्राफसँ सबसँ बेसी २१ सँ ३० वर्ष समुहके युवकसभ कोभिड - १९ के संक्रमण भेल देखावैत अछि । अई केसमे सबसँ बेसी वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल युवकमे देखलगेल छै । लेकिन, लकडाउन ढिला भेल अवस्थामे सुरक्षा उपायके बेवास्ता करवला युवकसभमे संक्रमण बढ् सकैय । ६० वर्ष सँ बेसी आ १० वर्ष सँ कम उमेरके धियापुतामे सेहो बहुते संक्रमण पुष्टि भेल छै । अई सँ समुदाय स्तरमे सेहो संक्रमण फैल चुकल अछि से बुझाबैत अछि । तै सँ, घर बाहर निकलकाल कोभिड - १९ के संक्रमण होब सकके सम्भावना भेला सँ, सावधानी अपनेनाई जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

@CivicActionTeams @civacts @CivActs